Wolof Ak Xamle
www.jangwolof.com

KOORAK LI CI AJU

Koor ak li
ci aju

Wolof Ak Xamle
Jangwolo.com
saabal.com
78 426 61 35
76 317 83 17

Woor weeru koor farata la ci mukàllaf mu ne, ku ko weddi ab yéefar la ku ko bàyyi te tay ko te tëlewu ko ab saay-saay la bu bon a bon te bu ko tuubul ba dee sawara la jëm

Koor ak li
ci aju

Wolof Ak Xamle
Jangwolof.com
Saabal.com
78 426 61 35
76 317 83 17

Mi ngi ware nag ci ñu jis weer wi ci 29i fan ci aw baraxlu jis gu wér walla mu mat fanweeri fan.
Jis gi nag kenn ku ko jis bu wér te wéete ko buñu wooree ak buñu wóorul war naa woor bu wóorul

Wolof Ak Xamle
Jangwolof.com
Saabal.com
78 426 61 35
76 317 83 17

Bu ko jisee ci ñaar-fukki fan ak juróom-ñent ci weeru koor itam bu xëyee bumu yéene koor waaye du sañ a feeñal dog ga bu ko defee yoon dana ko yar ndare du dafa ame ngànt lu ko tax a sañ a dog kon mu sañ ko, Mbooloo mi nag ba la ñoo woor walla ñu wori war nañoo jis ñaar ñu ñépp xam seen ug maandu ñu ne jis nañu ko walla mbooloo moo xam ne manuñoo maase ci aw fen ñu ne jis nañu ko kon bu dee koor war nañoo woor bu dee kori war nañoo wori bu dee tabaski war nañoo tabaski.

Koorak li
ci aju

Wolof Ak Xamle
Jangwolof.com
Saabal.com
78 426 61 35
76 317 83 17

Waaye boroom xam-xamub biddiw nag niki boroom arminaat yi ñoom deesul déglu seeni wax ci weer. Bu ko am réew jisul te meneen réew jis ko moo xam ne soree nañu kon waa réew ma ko jisul duñu sañ a woor Ca jis ga ko réew ma ca des jis réew mu ne dafa war a yam ci jisug boppam buñu soree. Mas naa am weer woo xam ne dañu koo jisul ca hijaas te ñu wax ne jis nañu ko ca yaman ñu wax ko Sëydunaa Omar (Na ko Yàlla gërëm) , Mu wax ne bokkunu ben gox.

Koor ak li
ci aju

Wolof Ak Xamle
Jangwolof.com
Saabal.com
78 426 61 35
76 317 83 17

Bu fekkee nag dañu koo jisul ci séenu bu jëkk ci baraxlu ba ca bëccëg ñu xam ne feeñoon na bu wér kon war nañoo jàpp la des ca bis ba ta war nañu koo fayit, bu dee kori itam war nañoo dog ta bu tisbaar jotul man nañoo julli korite bu jotee nag faat na te deesu ko fay.

Koor ak li
ci aju

Wolof Ak Xamle
Jangwolof.com
Saabal.com
78 426 61 35
76 317 83 17

Koor nag moo di yéene wax ci sam xel ne fas na maa yéenee woor faratay weer wii ngir Yàlla ak bàyyi lekk ak naan ak booloo jëkk fajar ba jant so. Yooyu nag ku ci def lenn te tayu ko war na koo àggale war na koo fay it bu ko tayee nag, dana àggale booba bis te war na koo fay te kaffaara it war na ko.

Koor ak li
ci aju

Wolof Ak Xamle
Jangwolof.com
Saabal.com
78 426 61 35
76 317 83 17

Kaffaara nag ñatti xeet la:

Benn mu jox juróom-benn fukki miskiin, ku ci ne genn wàllu andaari dugub walla mu goreel jaam bu ko lew bumu bokkul ak kenn te mu di ab jullit te amul jenn ayib. Benn bis bu ne loolu moo ca war. Mi ngi ware ci nit ki ànd ak um xelam te am ug wér tay ku ñu togg jëf, te bañ a nekk ci dox bu ñuy sañ a wàññee julli. Bu dee jigéen mu dolli ca bañ a yor dereeti mbërëg walla dereeti wësin.
Ku wopp nag.

Koor ak li ci aju

Wolof Ak Xamle
Jangwolof.com
Saabal.com
78 426 61 35
76 317 83 17

Bu ragalee ci koor dollikug wopp ja walla yeex a wér kon sañ naa dog. Bu ca ragalee dee nag kon dog ga day war, bu ko defee bu wéree mu fay ko. Bu ko yeexee fay ba koor ga dellu te xam ne sàggan rekk a ko ko teg nag, kon bu koor ga wéyee dana ko fay te bis bu ne dana ca joxe genn wàllu andaar.

Koorak li ci aju

Wolof Ak Xamle
Jangwolof.com
Saabal.com
78 426 61 35
76 317 83 17

Kuy nàmpal nag:

Bu ragalee lori doom ja war naa dog waaye dana ko fay te dana joxe genn wallu andaar bis bu ne. Ku ëmb itam:Bu ragalee lori ëmb ba war naa dog waaye da koy fay rekk

Koorak li ci aju

Wolof Ak Xamle
Jangwolof.com
Saabal.com
78 426 61 35
76 317 83 17

Ku màggat Ba àttanatul koor sañ na koo bàyyi tay joxe genn wàllu andaar bis bu ne.Yéeney koor nag:Sañees na koo defe benn yoon ci guddi gu njëkk ga. Sañees naa biral bis bu ne yéeney boppam.

Koor ak li ci aju

Wolof Ak Xamle
Jangwolof.com
Saabal.com
78 426 61 35
76 317 83 17

Am waccu:

ak um ngall lu ca génn te boroom tayu ko te man koo yàbbi te dara du ca jàll kon du yàq koor. Bu ñëwee ba ca bóli ga te delluwaat nag dana yàq koor. Bu ko tayul fay ko rekk a koy war bu ko tayee nag fay dana ko war kaffaara it dana ko war. Am gallaxndiku ak um saraxndiku moom it lu ca agsi ba ca bóli ga bu ko wannee dana yàq koor.

Koor ak li
ci aju

Wolof Ak Xamle
Jangwolof.com
Saabal.com
78 426 61 35
76 317 83 17

Ay lor nag:

ak i larax bu baree yàbbi ko mooy gën waaye wann ko it du yàq koor.
Sib nañu nag:
góor gu woor di ne fi ay jigéen. Jigéen itam na ka noonu, ak di leen xalaat, ak di waxi larax, ak jëfi caaxaan, ak gallaxndiku walla saraxndiku bu sori ak sex lépp lu am cafka donte lu deme ni daakaandey wereg la sax, ak mos cin walla ndoxum ndogu, ak baril nelawi bëccëg, ak laal latkoloñ walla mu di la xeeñ, ak di suuru, ak di tuufu, ak di tusngalu, ak di socc ci bant bu tooy.

Koor ak li ci Aju

Wolof Ak Xamle
Jangwolof.com
Saabal.com
78 426 61 35
76 317 83 17

Xëdd nag:

sunna la, ak yeexe ko, ak gaaw a dog, bu jant bi sohee, ak wattu saw làmmiñ, ak say cér, ak dog ci lu lew, ak ci tàndarma teg ca ndox, ak dundal weer wépp ci ay jaamu Yàlla, ak baril sàkk sarax.

Koor ak li
ci aju

Wolof Ak Xamle
Jangwolof.com
Saabal.com
78 426 61 35
76 317 83 17

Koor nag:

amna bis yu ñu sopp a woor lu bokkul ak weeru koor. Sopp nañu ku woor weeru tamxarit wépp, rawatina bis bu njëkk ba ak bu ñatteel ba ak juróom-ñeenteel ba ak fukkeel ba ku woor fukkeelu tamxarit dees na ko jéggal bàkkaari at mi mu weesu.
Ak woor ñatti fan ci weer wu ne.

Koor ak li ci aju

Wolof Ak Xamle
Jangwolof.com
Saabal.com
78 426 61 35
76 317 83 17

Ak weeru ndayi koor wépp rawatina ñaar fukkeel ba ak juróom-ñaar.
Ak baraxlu wépp rawatina fukkeel ba ak juróom.
Ak juróom-benni fan gannaaw buñu woree, ku ko def mel na ni ku dëkke koor, waaye la

Koor ak li
ci aju

Wolof Ak Xamle
Jangwolof.com
Saabal.com
78 426 61 35
76 317 83 17

Ca gën moodi boo woree nga nég ba dibéer walla àllarba ja ca tegu nga door a umaat. Ak ñaar-fukkeel ak juróom ci diggiw tabaski.
Ak juróom-ñenti fan yi njëkk ci weeru tabaski, rawatina juróom-ñatteel ak juróom-ñeenteel ba. Ku woor juróom-ñeenteel ba dees na ko jéggal bàkkaari at mi mu weesu ak at mi mu jublu. AK bis bi mujj ci at mi.

Koor ak li
ci aju

Wolof Ak Xamle
Jangwolof.com
Saabal.com
78 426 61 35
76 317 83 17

Bisub kori nag:

ak bisub tabaski ak ñaari fan yi sës ci tabaski araam nañoo woor.
Sib nañu nag, ku dëkke koor.
Ak ber benn bis rekk di ko woor mel ni àjjuma ju ne.
Ak kuy aj di woor juróom-ñeenteelub tabaski,
Ak woor bisub sikk ngir leemtoo ko ramadaan ku ko def bu daje ak muy benn panub koor ga itam du ko doy du tee war na koo fay.
Muurum koor faratala bu wér:

Koor ak li
ci aju

Wolof Ak Xamle
Jangwolof.com
Saabal.com
78 426 61 35
76 317 83 17

Ku ko weddi ab yéefar la ku ko bàyyi te tay ko te tëlewu ko ab saay-saay la bu bon a bon te bu ko tuubul ba dee sawara la jëm.

Ana ku mu war nag:

Xanaa as gor su di ab jullit te man koo am donte da koy leb sax bu yaakaaree ak pay.

Koor ak li
ci aju

Wolof Ak Xamle
Jangwolof.com
Saabal.com
78 426 61 35
76 317 83 17

Mu di ko war nag:

Ci boppam ak koo xam ne moo ko war a dundal niki soxnaam ak doomam ju góor ba ba muy mat góor ak doomam ju jigéen ba ba muy mat a am boroom kër ak ci ay way-juram buñu ko amul, ak ci ab jaam. Ana ci lu mu koy war a génnee nag? Xanaa ci li ëpp ci dundub réew ma mu dëkk nun waa réew mii danu koy génne ci dugubi suuna walla saaño walla basi walla tiñ walla feela walla ñebbe ku ko amul jënd ko joxe ko. Kuy dunde lu dul yii itam man na koo génne ca la muy dunde rekk.

Koor ak li
ci aju

Wolof Ak Xamle
Jangwolof.com
Saabal.com
78 426 61 35
76 317 83 17

Ana nu muy war a tollu nag?

Xanaa bopp bu ne ñaari kiloo ak genn wàll ci suuna ak yi ni deme bu dee ñebbe nag walla muy yu dul yii kon day wut nattukaay goo xam ne ñaari kiloo ak génn wàll moo koy fees ci suuna mu natt ko ca te bañ koo peese. Ana waxtu wu mu koy war a génne nag?
Xanaa gannaaw jullig suba ca bisub korite ga te mu jëkke julli ga.

Koor ak li
ci aju

Wolof Ak Xamle
Jangwolof.com
Saabal.com
78 426 61 35
76 317 83 17

Sib nañu nag:

Ku ko yeexe gannaaw jullig korite ga ci lu dul ngànt.

Ku mu war nag:

li fii ak defu ko mi ngi ci baatam du ko wàcc mukk te kooram it deesu ko nangu li fii ak
defu ko.



Koor ak li
ci aju

Wolof Ak Xamle
Jangwolof.com
Saabal.com
78 426 61 35
76 317 83 17

Ana ku ñu ko war a jox nag?

Xanaa ku ñu war a jox asaka rekk ñoo yam ci lépp sañees na koo dajale jox ko kenn, sañees na koo tasaare ci mbooloo mu ko yayoo.

Ku ñu war a jox asaka nag:

moo di as gor su di ab jullit te am ca aajo ju wér te muy koo xam ne séenuwul ci moom lenn njariñ lu dul jox ko ko ngir Yàlla rekk séenuwul mu di la Sant ak a gërëm walla Mu di ko nettali fi aw nit nga xam ne bëggu la sax ku ko yëg

Wolof Ak Xamle

Mootaxaweliggéeybii,diñaanYàllamottalitenangu sunuy koor.
Jàppandi na ci lënd gi, facebook, ak youtube.
Saabal.com dal la bob bànqaas la ci WAX, di xibaar ak a joxey gis-gis ci Wolof.
Ku bëgg a bokk ci kureel gi, ngir jàng baa liggéeyal wolof,
jokkal limat gii: 78 426 6135 / 76 317 83 17